

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan campur gaul sapopoé di masarakat tangtu perlu sarana komunikasi. Éta komunikasi dipaké pikeun ngébréhkeun pasualan nu hayang dikedalkeunana ti hiji jalma ka jalma séjén. Ari komunikasi basa téh rupa-rupa, bisa mangrupa basa lisan bisa basa tulisan, boh ku omongan boh ku isarat. Tétéla yén basa téh mangrupa alat komunikasi, salah sahiji conto basa mangrupa alat komunikasi dina basa tulisan nyaéta yén basa jadi media dina nepikeun carpon. Sangkan bisa ngarti kana eusi carpon, kumaha karasa nikmatna neuleuman eusi carpon, sarta naon pieunteungeun tina éta carpon, tangtu kudu maham kana basana. Nya kitu deui, lamun dipatalikeun kana makéna basa, boh wangun atawa adeganana tangtu béda-béda dumasar kana kaayaan atawa kontéks situasina, kaasup dina ngébréhkeunana, sipatna aya nu togmol kana maksudna aya nu nyamuni henteu sacéréwéléna tapi maksudna dibalibirkeun.

Salah sahiji conto kahirupan sapopoé, remen pamaksudan téh ditepikeun ku cara dibalibirkeun, kalawan rupa-rupa maksudna. Aya anu tujuanana lamun unkarana dibalibirkeun téh ngarah pamiarsa teu ngarasa nyeri haté, aya ogé anu tujuanana ngarah éféktif dina makéna basa. Éféktivitas dina makéna basa dina situsi kahirupan sapopoé di lingkungan kulawarga. Contona bapa nitah ka anakna ”Jang leutikan TV téh!”. Éta ungkara téh dihartikeun kieu, bapana nitah Ujang sangkan ngaleutikan TV. Maksud tina éta kalimah bapana nitah ngaleutikan volume TV, lain ukuran TV anu dileutikanana, upamana tina 29 inc jadi 21 inc. Éta ungkara kalimah upama ditilik tina wangunna kaasup kana rakitan lantip.

Kasus makéna ungkara basa saperti kitu réa kapanggih dina kahirupan sapopoé urang Sunda, utamana dina komunikasi lisan. Sok sanajan kitu, tangtu aya ogé rakitan lantip dina ragam basa tulis upamana dina karya sastra. Deskripsi ngeunaan rakitan lantip kaitung saeutik kénéh, boh dina wangun buku boh dina wangun panalungtikan. Déskripsi nu geus aya anu kapaluruh mangrupa bagian tina ulikan pakeman basa (idiomatik). Buku nu medar perkara rakitan lantip di antarana waé, *Idiomatik Sunda* (Prawirasumantri, 1973), *Pedaran Basa Sunda*

(Sudaryat, 1991), Galuring Basa Sunda (Tamsyah, 2001), Ulikan Semantik Sunda (Sudaryat, 1997), Pakeman Basa Sunda (Sudaryat, 2016). Buku-buku nu disebutan di luhur téh aya bagéan anu medar perkara rakitan lantip, eusina medar wangenan jeung conto rakitan lantip sarta larapna dina kalimah wungkul. Ari papasingan rakitan lantip dumasar kana wangunna, adeganana, harti, sarta maksudna mah acan aya.

Panalungtikan nu husus ngeunaan rakitan lantip utamana ngulik struktur jeung semantikna nepi ka ayeuna can aya. Panalungtikan nu geus aya réréana patali jeung pakeman basa séjénna saperti Babandingan Paribasa Sunda jeung Indonesia (Ulikan Semantik Formal jeung Etnopedagogik) (Umi Kulsum, 2015) ieu panalungtikan medar struktur sarta semantik kalimah paribahasa,

Éta ulikan babasan atawa paribasa minangka bagian tina pakeman basa téh mémang aya patalina jeung rakitan lantip, nyaéta pada-pada nuduhkeun harti teu langsung. Ieu panalungtikan museur kana wanda pakeman basa. Sedengkeun nu diulik ku simkuring mah patali jeung struktur sémantik rakitan lantip pikeun bahan pangajaran. Nepi ka kiwari ulikan rakitan lantip tina tilu aspek nu bieu can aya. Mémang ulikan nu patali jeung struktur katut sémantik geus aya saperti tésis Adegan kalimah Basa Sunda dina Tarjamah Alquran (Analisis Struktural jeung Semantik) (Rohilah, 2012), Unsur-unsur Sirnaan dina Kalimah Basa Sunda Lisan (Tilikan Tatabasa Transformasi) (Paridah, 2014), Wangunan Kalimah Ringkesan Basa Sunda (Tilikan Kana Adegan jeung Kalimah dina Majalah Manglé) (Setiawati, 2015), jeung nu séjénna deui. Panalungtikan-panalungtikan di luhur umumna medar kalimah tarjamahan, rikesan basa Sunda tur nu lianna deui. Panalungtikan-panalungtikan di luhur umumna medar unsur semantik kalimah paribahasa Sunda jeung Indonesia, struktur jeung semantik kalimah dina tarjamahan, adegan kalimah dina ringkesan basa Sunda tur nu lianna deui. Aya deui hasil panalungtikan nu méh sarupa dina ulikan struktur nyaéta desertasi aya nu ngulik Struktur Kalimat bahasa Ambai: Studi Deskriptif Morfosintaksis Sebagai Bahan Pembelajaran Mulok SMP di distrik Kepulauan Ambai Kabupaten Yapen Provinsi Papua (Fonataba, 2009) nu medar perkara struktur kalimah bahasa daerah Ambai warna-warna kalimah basa Ambai, kumaha morfosintaksis dina

ngawangun kalimahna, sarta larapna oge kamekaranana sabagé bahan pangajaran mulok SMP. jeung nu séjénna deui.

Panalungtikan séjénna dina jurnal di antarana: Penerjemahan Idiom Bahasa Inggris dalam Bahasa Indonesia (The Translation Of English Idiom In Indonesian Language) (Budiawan, 2018) meunang Raden Yusuf Sidik Budiawan. Ieu panalungtikan ngébréhkeun : 1) tingkat kasulitan idiom sarta faktor nu mangaruhanana, jeung 2) strategi narjamahkeun idiom sarta tingkat kahontalna narjamahkeun idiom. Jurnal séjénna nyaéta An analysis of the strategies used in translating idioms in indonesia into english found in indonesian legends (Wicaksono & Wahyuni, 2018). Ieu panalungtikan medar strategi dina narjamahkeun idiom anu aya dina carita legenda Indonesia.

Kiwari rakitan lantip téh dianggap leuwih éféktif dina lumangsungna komunikasi. Conto séjénna saperti komunikasi dina WhatsApp (WA) atawa média sosial lianna. Ku kituna rakitan lantip beuki dieu beuki variatif. Sangkan rakitan lantip komunikatif, bisa tetep dipaké di masarakat, perlu aya hiji ulikan ngeunaan ungkara kalimah rakitan lantip. Sajalan jeung kamekaran pajamanan, kalimah-kalimah anu nyampak dina rakitan lantip ogé beuki dieu beuki variatif. Ku kituna ulikan jeung panalungtikan ngeunaan kalimah rakitan lantip bakal jadi hiji panalungtikan anu pikatajieun, salian ti éta, struktur kalimah rakitan lantip ngabogaan struktur nu has.

Ku lantaran ulikan rakitan lantip téh masih langka, penting jeung perlu aya ulikan husus anu lengkep tur jero tina aspék struktur, semantik katut aplikasina dina pangajaran. Ku penting jeung perluna ieu ulikan, ku kituna dilaksanakeun panalungtikan anu judulna “Struktur jeung Semantik Rakitan Lantip pikeun Bahan pangajaran di SMA”.

## 1.2 Identifikasi jeung Watesan Masalah Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan medar struktur jeung semantik rakitan lantip. Sumber bahan ulikan *rakitan lantip* bisa tina ragam basa lisan bisa tina ragam basa tulis. Ieu panalungtikan ngulik *rakitan lantip* tina ragam basa tulis, utamana mah dina karya sastra wangun lancar dina kumpulan carpon karangan Ahmad Bakri. Ari *rakitan lantip* téh umumna diébréhkeun dina

wangun kalimah. Jadi, struktur *rakitan lantip* anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur kalimah *rakitan lantip*, sedengkeun semantikna nyoko kana ma'na jeung maksud rakitan lantip, anu satuluyna diulik wangunna, adeganana, ma'na, maksudna, tur dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran di SMA.

### 1.3 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana identifikasi jeung ambahan ulikan *rakitan lantip* di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap:

- a. *Rakitan lantip* naon waenu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus karangan Ahmad Bakri*?
- b. Kumaha adegan *rakitan lantip* nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus karangan Ahmad Bakri*?
- c. Kumaha ma'na jeung maksud *rakitan lantip* nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus karangan Ahmad Bakri*?
- d. Kumaha larapna *rakitan lantip* dina basa Sunda pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA?

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

Aya dua rupa tujuan ieu panalungtikan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. sakumaha di handap ieu.

#### 1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta mikanyaho, maluruh, sarta ngadéskripsikeun *rakitan lantip* sarta larapanana pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.

#### 1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. ungkara *rakitan lantip* nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus karangan Ahmad Bakri*;

- b. adegan *rakitan lantip* nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan *Ahmad Bakri*;
- c. ma'na jeung maksud *rakitan lantip* nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan *Ahmad Bakri*; sarta
- d. larapna *rakitan lantip* dina basa Sunda pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan téh ngabogaan rupa-rupa mangpaat, di antarana aya mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Tina jihat tioritis, ieu panalungtikan téh aya mangpaatna pikeun élmu kaweruh saperti sintaksis, semantik jeung pragmatik. Pikeun élmu sintaksis, hasil ieu panalungtikan téh nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh utamana dina maluruh fungsi, kategori, jeung peran sintaksis dina ungkara *rakitan lantip* basa Sunda.

Sedengkeun mangpaat dina widang pragmatik diantarana méré sumbangan konteks makéna basa dina kahirupan sapopoé, ku ayana rupa-rupa *rakitan lantip* anu makin variatif. Ari mangpaat dina widang semantik di antarana ngasah kamampuh paregep dina napsirkeun ma'na jeung maksud kalimah anu eusi maksudna téh dibalibirkeun.

Satuluyna mangpaat widang idiomatik mah, sanggeusna réngsé maluruh rupa-rupa ungkara *rakitan lantip* nu aya dina carpon karangan *Ahmad Bakri*, tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nyieun klasifikasi *rakitan lantip* dumasar: (1) wangunna, (2) adegan kalimahna, (3) ma'na, jeung (4) maksudna, anu satuluyna dijadikeun alternatif bahan pangajaran.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat keur nu nalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

Mangpaat pikeun nu nalungtik, ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikaweruh leuwih jero turta teleb wangun, adegan kalimah, hubungan ma'na jeung maksud, sarta larapna *rakitan lantip* pikeun bahan pangajaran di SMA.

Ari mangpaat pikeun guru, ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa nambahan pangaweh jeung pangalaman dina mekarkeun bahan ajar basa Sunda di sakola ku cara ngagunakeun rakitan lantip jadi bahan pangajaran.

Sedengkeun pikeun siswa, hasil ieu panalungtikan bisa jadi media keur siswa dina mikaweruh rakitan lantip. Lian ti éta, siswa bisa neuleuman ma'na jeung maksud nu aya dina rakitan lantip. Anapon mangpaat keur masarakat mah di antarana bisa nambahan kamampuh dina nafsirkeun kalimah.

## 1.6 Raraga Mikir

BAB I Bubuka. Dina bagian bubuka dideskripsikeun hal-hal anu ngawengku: kasang tukang masalah anu ditalungtik, identifikasi jeung watesan masalah panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan khusus, sarta mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis sarta praktis, sarta raraga tentatif.

BAB II Ulikan Pustaka. Dina Bab II dideskripsikeun sajumlahing tiori ngeunaan *rakitan lantip* wangunna, adegan kalimah kalimahna, ma'na, maksud sarta bahan pangajaran.

BAB III Méthode Panalungtikan. Dina Bab III dideskripsikeun ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, metode, jeung skema panalungtikan), sumber data panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, jeung teknik ngolah/analisis data tur léngkah-léngkahna).

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina Bab IV dideskripsikeun hasil analisis jeung deskripsi data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Dina Bab V dideskripsikeun ngeunaan kacindekan tina panalungtikan sarta saran-saran pikeun panalungtikan satuluyna.